SHIYRIN
ATAMURATOVA



# BAXÍTLÍ BALALÍQ















UDK: 821.512.121-1(081)
BBK: 5-Qar
A-89

Shiyrin Atamuratova
**BAXÍTLÍ BALALÍQ** (Mektepke shekemgi hám kishkene mektep jasındağı balalarğa arnalğan) — Nókis. «Qaraqalpaqstan», 2018-jıl, 64 bet.

Talantlı balalar shayırı Shiyrin Atamuratovanıń bul kitabında insanıylıq, adamgershilik, jaqsı pazıyletlerdi sińdiriw tuwralı poetikalıq qatarlar jámlengen. Bul qosıqlar balalardıń oqıwı ushın tili jeńil hám estetikalıq zawıq beredi.

**Pikir bildiriwshiler:**

N.Tóreshova — *Qaraqalpaqstan xalıq shayırı,*

Z.Bekbergenova — *Filologiya ilimleriniń doktorı, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan Jazıwshılar awqamı ağzası.*

RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90478

ISBN 978-9943-5327-2-4

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2018-jıl.
© Shiyrin Atamuratova, 2018-jıl.

## ÓZBEKSTANÍM

Ǵárezsiz elim,
Azamat xalqım,
Tuwılǵan jerim,
Ózbekstanım.

Babalar ruwxı,
Qollaǵan jurtım,
Ana-Watanım —
Ózbekstanım.

## GIMN

Gimn jańlar,
Tań sáhár,
Jurtımızǵa,
Nur tarar.

Gimn máńgi,
Jańlaydı,
Onı dúnya,
Tıńlaydı.

## BAYRAǴÍM

Jelbireydi,
Joqarı,

Elimizdiń,
Bayraǵı.

Bayraq penen,
Ele men,
Ayǵa barıp,
Kelemen.

## SÚYEMEN

Shańaraǵım,
Tuwılǵan,
Bala baqsham,
Máhállem.

Miywe baǵım,
Gúllengen,
Barlıǵın Men,
Súyemen.

## BAQSHADA

Kishkenemen,
Ele men,
Men úlkeyip,
Kelemen.

Barıp júrmen,
Baqshaǵa,
Doslarım kóp,
Baqshada.

## ERIKTIŃ SÓZI

Men báhárdiń —
Tuńǵıshı,
Alıp keldim,
Súyinshi.

Balajanlar,
Siz ushın,
Men gúlleymen,
Birinshi.

## PASÍLLARDÍ SÚYEMEN

Qıs hám báhár,
Jaz hám gúz,
Bárin jaqsı,
Kóremiz.

Qısta qarda,
Oynaymız,
Qızıǵına,
Toymaymız.

Báhár kelse,
Hámmemiz,
Qarlıǵashtı,
Kútemiz.

Jaz ayında,
Jalıqpay,
Shomılamız,
Balıqtay.

## MAQTANSHAQ

Sharımdı,
Úpledim,
Úlkeyttim,
Isirdim.

Boldı shar,
Top-tompaq,
Qarańlar,
Ax, ax, ax.

Sol zamat,
Paq, paq, paq,
Sharım joq,
Waq, waq, waq.

## BABA DIYQAN

Atız shelin,
Álpeshlegen,
Jerin súygen,
Baba diyqan.

Islep miynet,
Elge xızmet,
Tapqan húrmet,
Baba diyqan.

## NAWRÍZ KELSE

Kún menen tún,
Teńlesken kún,

Báhár keler,
Nawrız keler.

Báhár kelse,
Nawrız kelse,
Keler elge,
Qut-bereket.

Nawrız góje,
Súmelekler,
Pisiriler,
Máhállede.

Oyın-kúlki,
Qosıq jańlar,
Bolar qızıq,
Tamashalar.

## SAǴÍNAMÍZ

Saǵınamız,
Baqshamızdı,
Tárbiyashı,
Apamızdı.

Baqshamızdıń,
Qushaǵı keń,
Hámmemizdi,
Súyedi teń.

## TILEK

Jadıra, Quyash!
Jarqıra, Quyash!

Altın nurıńdı,
Moldan-moldan shash.

Gúllep ǵumshalar,
Anqısın jupar,
Rayxan iyisin,
Tarqatsın samal.

Ana jerimiz,
Shámenzar bolsın,
Barlıq balalar,
Oynasın, kúlsin.

## PISKENDE KELEMIZ

Iyildi, búgildi,
Shabdal aǵashı,
Tirewish tiredik,
Zorǵa tur shaqası.

Shabdaljan, ózińshe,
Túsip ketpe jerge,
Piskende kelemiz,
Sebetke teremiz.

## QÍS KELDI

Qıs keldi, qıs keldi,
Qarlardı ákeldi,
Burshaqtı borattı,
Suw tońlap, muz qattı.

Qıs keldi, qıs keldi,
Ayazdı ákeldi,

Kiydirdi qolǵaptı,
Kiydirdi baypaqtı.

Jıllı kiyim kiydik,
Ilgeklerdi ildik,
Suwıqtan qorqpaymız,
Qar boran oynaymız.

## NAN USAǴÍ

Kempir apam úyde,
Úyreter bizlerge,
Obaldı, sawaptı,
Túsirmeń dep usaqtı.

Túsinip sawaptı,
Túsirmey usaqtı,
Jıynayman, teremen,
Quslarǵa beremen.

Quslar shópshep jeydi,
Maǵan raxmet deydi,
Quwanıp men oǵan,
Arzımaydı deymen.

## XALQÍM

Ardaqlap ósirgen,
Ádiwli xalqım,
Jeti ıqlım bolıp,
Jańlasın dańqıń.

Bolsam deymen saǵan,
Minásip perzent,

Isleymen mudamı,
Ózińe xızmet.

## WATAN, SENI JÍRLAYMAN

Sende ósken hár giya,
Kózimizge totıya,
Shadlıqlarıń bir dúnya,
Watan, seni jırlayman.

Kúni-túni udayı,
Bolıp sağan pidayı,
Gúl ósirip shırayllı,
Watan, seni jırlayman.

## BAXTÍYARMAN

Ana mehri qushağıńda,
Ańqıp turar, ańqıp turar,
Bárha meni bawırına,
Tartıp turar, tartıp turar.

Baqshamızda oynap-kúlip,
Jalıqpayman, jalıqpayman,
Ana-Watan seniń menen,
Baxtıyarman, baxıtlıman.

## TÁRBIYASHÍ APAĞA

Úlgi aldıq ózińnen,
Mehir aldıq sózińnen,
Quwanıshqa bólendik,
Kúlip turğan kózińnen.

Perzentim dep bilesiz,
Balańızday kóresiz,
Erkelensek súysinip,
Anamızday súyesiz.

## BALALÍQ

Konki tewip balalar,
Muzda oynap sırǵanar,
Tıńlap qıstıń qosıǵın,
Ízıń, ızıń, ızıńın.

Soǵıp ayaz atanı,
Átirapında oynaydı,
Sharshasada quwanıp,
Úylerine tarqaydı.

## ÓTINISH

— Úkejanım, jılama,
Házir bir zat beremen,
— Bereǵoyıń ájaǵa,
Jılayman men keyninen.

## ÚKEM MENEN EKEWMIZ

Úkem menen ekewmiz,
Ele baqsha balamız,
Sonlıqtan da baqshaǵa,
Keshikpesten baramız.

Tárbiyashı apamız,
Baqshadaǵı anamız,

Aytqan hárbir gápine,
Bizler qulaq salamız.

## HÁYYIW

Besigiñe bóleyin,
Háyyiw aytıp terbeyin,
Anam aytqan háyyiwdi,
Saǵan aytıp bereyin.

Háyyiw, háyyiw, appaǵım,
Sulıw ǵana quwırshaǵım.

Ayday sulıw júzleriń,
Monshaǵımday kózleriń,
Tıńlap-tıńlap yadlap al,
Háyyiwimniń sózlerin.

Háyyiw, háyyiw, appaǵım,
Sulıw ǵana quwırshaǵım.

## AZADA QÍZ BOLAMAN

Men — Aygúlmen, Aygúlmen,
Tazalıqtı súyemen,
Erte turıp ornımnan,
Bet-qolımdı juwaman.

Jıynap tósek-kórpemdi,
Beremen qol járdemdi,
Jolatpayman shań-tozań,
Azada qız bolaman.

## GÚLAYÍMNÍŃ ALMASÍ

Gúlayımnıń alması,
Túsip ketti qolınan,
Eshkisiniń ılağı,
Tislep jedi almadan.

Gúlayım der eshkige:
— Qalǵanın sen ala ǵoy,
Azǵanasın bir tislep,
Ílağıńa bere ǵoy.

## JALQAW BALA

Jıynamasa kórpesin,
Jıynamasa tósegin,
Juwmasa bet-qolların,
Ol bala qanday bala?
— Ol bala, jalqaw bala.

Aytqanıńdı qılmasa,
Ornınan tez turmasa,
Baqshasınan kesh qalsa,
Ol bala qanday bala?
— Ol bala, jalqaw bala.

## SUWDÍ ZAYA QÍLMAYMÍZ

Erip appaq qarlardan,
Ağıp keler tawlardan,
Map-mazalı taza suw,
Janımızǵa shıpa suw.

Ana jerdiń qanı ol,
Tábiyattıń janı ol,
Suwdı zaya qılmaymız,
Tábiyattı qorǵaymız.

## KIRIP KELGENDE BÁHÁR

Dalalarda, baǵlarda,
Barlıq eginzarlarda,
Qızǵın jumıs baslanar,
Kirip kelgende báhár.

Tal, terekler bórtedi,
Erik gúllep ketedi,
Janıwarlar oyanar,
Kirip kelgende báhár.

Juwa, juwsan, maysalar,
Shıqtan marjan taǵınar,
Qoy qozılap mańırar,
Kirip kelgende báhár.

## QUSLAR USHÍP KELIPTI

Quslar ushıp kelip tur,
Uyasına qonıp tur,
Úrkitpeymen, úrkitsem,
Ketip qalar bilemen.

Quslarǵa kerek járdem,
Nan usaǵın beremen,
Quslardı men ayayman,
Olardı men qorǵayman.

## ANA TÁBIYAT

Bizge ana tábiyat,
Berdi sawǵa eń qımbat,
Tábiyattıń sawǵası,
Sawǵalardıń aǵlası.

Taza hawa berdi ol,
Salamat bol, dedi ol,
Taza hawa, tap-taza,
Janǵa dawa hám shıpa.

Ádiwleymiz biz seni,
Ardaqlaymız biz seni,
Shıpakerim—tábiyat,
Sawǵań ushın mıń raxmet.

## QUMÍRSQA

Qumırsqa, jan qumırsqa,
Sharshamaysań, talmaysań,
Ketpeniń joq, beliń joq,
Taslardı da untaysań.

Olja tapsań sol zamat,
Inińe tez tasıysań,
Alasań sen bas bayraq,
Miynet etip jarıssań.

## QORAZ

Erte turıp oyatar,
Úlken-kishi hámmeni,
Ǵoqoq, ǵoqoq, ǵoqoqlap,
Sesti oyatar meni.

Qoraz úyrengen qaydan,
Oǵan hayran qalaman,
Shaqıradı yapırmay,
Jıl boyına aljaspay.

## SHÓJE

Shıp-shıp, shıp-shıp, shıp shóje,
Ash boldıń ba, má, góje,
Shólleseń suw bereyin,
Kese alıp keleyin.

Shójelerge úyrettim,
Suwdı iship kórsettim,
Urtlap shóje ishpedi,
Shóje suwdı tisledi.

## QOYAN

Geshir berdik qoyanǵa,
Qıtır-qıtır tez boldı,
Kapusta bergen edik,
Pıtır-pıtır jep boldı.

Qoyan, qoyan, qoyanjan,
Geshir joq, qaldı shalǵam,
Geshir alıp kelgenshe,
Jep tur azǵana shalǵam.

## PÍSHÍǴÍM

Pıshıǵım, hey pıshıǵım,
Ornıńnan hesh turmaysań,
Biraq uyqılap jatsań da,
Gáplerimdi tıńlaysań.

Miyaw-miyaw pıshıǵım,
Murtıńdı kóp jalaysań,
Jasırınıp quwısta,
Tıshqan tutqan qusaysań.

## QARLÍǴASH

Alaqay da alaqay,
Quslar sayrar ánekey,
Áyneklerdi tez-tez ash,
Ushıp keldi qarlıǵash.

Biz tárepke qaradı,
Uyasın ol tabadı,
Qarlıǵashım, xosh keldiń,
Úyimizde kóbeyiń.

## IYNELIK

Iynelik, há iynelik,
Shópke qonıp jabısıp,
Kim ozarǵa oynaysań,
Gúbelekke jarısıp.

Qarasam men ser salıp,
Vertolyotqa uqsaysań,
Ekew emes qanatıń,
Tórtew eken sanasam.

## ANA QOYAN

Appaq qoyan, aq qoyan,
Salpań qulaq, saq qoyan,



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 90978

Qorqıp shıqtı shóplikten,
Hawlıqqan ana qoyan.

Setem alıp sestinen,
Qarap edi izine,
Kiyatırǵan tompańlap,
Gójegi eken óziniń.

## BALA PÍSHÍQ

Bala pıshıq, bala pıshıq,
Arman bardı, berman keldi,
Kópke deyin, bilmey tınım,
Anasın ol izley berdi.

Bir waqları ana pıshıq,
Tıshqan tislep, kelip jetti,
Balasına uslatqanda,
Tıshqan túsip qashıp ketti.

## SARÍGÚL

*(Qoyma-qoshqarma)*

Qushaq ashıp báhárde,
Asıǵadı sálemge,
Gúli quyashqa uqsar,
Sap-sarı shar, jumsaq shar.

Sońınan aq sálledey,
Kórseń qızıq ánedey,
Sharday ushar gúlleri,
Qalar gúldiń súlderi.

## GÚBELEK

Qanatlarıń sup-sulıw,
Ayqulaqtay gúbelek,
Gúlzarıma kele ber,
Gúllerime qona ber.

Ushıp qonıp júrgende,
Abaylı bol gúbelek...
Shanshılmasın deneńe,
Gúllerdegi tikenek.

## TAZALÍQTÍ SÚYEMEN

Aǵın suwǵa heshqashan,
Shóplikti taslamayman,
Suwǵa zıyan keltirip,
Suwdı pataslamayman.

Shelegim bar kishkene,
Shelekten suw sebemen,
Sıpıraman shańǵıtpay,
Tazalıqtı súyemen.

## ANAJAN

Alaqanda ayalap,
Ardaqlaǵan anajan,
Ómir boyı, udayı,
Minnetdarmız biz saǵan.

Háyyiwleriń jaǵımlı,
Sázendeseń, baqsısań,
Anajanım, anajan,
Hámmeden sen jaqsısań.

## ÁMIWDÁRYA

Gúlzarlar kóp, gúller kóp,
Dáryalar kóp, suwlar kóp,
Barlığınan qádirdan,
Jayhunım-Ámiwdáryam.

Pamir tawdan sağa alıp,
Aralğa qaray ağıp,
Suwğarıp awıl-qalasın,
Gúllendirdi jağasın.

## HÁRREGEN

Way-way, way-way barmağım,
Isip ketti ján-jağım,
Shaqtı meni hárregen,
Onda iyne bar eken.

Sabaq boldı bul mağan,
Oğan jaqınlamayman,
Óz uyasın hárregen,
Mennen qorğağan eken.

## ÓJET BOLMAYMAN

Ójet, qıyqań bolmayman,
Qırsıq, jalqaw bolmayman,
Ata-anamdı qıynap,
Ádepsizlik qılmayman.

Járdem berip ağama,
Kómeklesip anama,
Jaqsı perzent bolaman,
Xızmetinde turaman.

## KEMPIR APAM

Sağınadı kórmese,
Mańlayımnan súymese,
Erkeletip júrmese,
Bolıp qalar ózgeshe.

Ul-qızlarǵa qádirdan,
Aqlıqlarǵa mehriban.
Hámmemizdi oylaǵan,
Hámmemizge unaǵan.

Sóylese sózi jaqsı,
Kúlgende kózi jaqsı,
Aytsam eger ırasın,
Apamnıń ózi jaqsı.

## JAQSÍ BARÍŃ, ANAJAN!

Erte turıp ornımnan,
Tósegimdi jıynayman
Shınıǵıw islep bolıp,
Bet-qolımdı juwaman.

Shaydan keyin anama,
Keter waqta jumısqa,
Jaqsı barıń, anajan!
Tez keliń, dep qalaman.

## MEN QUWANÍP QALAMAN

Bersem nannıń usaǵın,
Quslar ushıp keledi,

Mağan zawıq bağıshlap,
Olar shópshep teredi.

Usaq taslap shetlewden,
Baqlap qarap turaman,
Quslar terip jegende,
Men quwanıp qalaman.

## BÓLENESEŃ ALĞÍSQA

Bolğıń kelse salamat,
Erinbey tur erteden,
Islep dene tárbiya,
Shınığıwğa ádetlen.

Jalqaw, erinsheklerge,
Bere alsań sen soqqı,
Bóleneseń alğısqa,
Eriseseń tabısqa.

## XOSH BOL, BALA BAQSHAMÍZ!

Baqshamızğa kelgende,
Bala edik kishkene,
Ósti aqıl-sanamız,
Endi úlken balamız.

Xosh bol, baqsha apamız!
Xosh bol, bala baqshamız!
Biz mektepke baramız,
Oqıp, bilim alamız.

## ÓZBEKSTAN

Bizler sadıq ul-qızıń,
Bárkamal jas áwladpız.
Jarqıraǵan juldızıń —
Qushaǵıńda biz shadbız.

Nur shashqan, ziya shashqan,
Ashıp bilim esigin.
Ózbekstan — jan Watan,
Óziń baxıt besigim.

Danıshpanlar elatı,
Danalardıń jurtısań,
Biz — seniń qol-qanatıń,
Saǵan pidá jan Watan.

## ABAT, AZAT, HÚR DIYAR

Babalarım jasaǵan jurt,
Miynet etip tógip ter,
Mamalarım jasaǵan jurt,
Anajanım tuwǵan jer.

Qushaǵıńda Watanım,
Xalqım jasar baxtyar,
Jayna-jasna, ana jurt,
Abat, azat, húr diyar.

## QUTLÍ BOLSÍN, BAYRAMÍŃÍZ!

Iygilikli isler ushın,
Jumsap barlıq ǵayrat, kúshin,
Babalarım árman etken,
Arzıwlarǵa jettik bul kún.

Qayda barsam, aydın jolım,
Qayda sozsam jeter qolım,
Ǵárezsizlik arqasında,
Shámen boldı sahra-shólim.

Ata mákan, ana jurtım,
Bayramıńız qutlı bolsın!
Bayraǵıńız bálentlerde,
Tolqınlanıp máńgi tursın!

Tınısh-tatıw jasar xalqım,
Miynet penen shıqqan dańqıń,
Qutlı bolsın bayramıńız!
Ǵárezsizlik áyyamıńız!

## ANA-WATAN

Qáddi bálent Qaratawım,
Gúmbirlegen aq Otawım,
Babam ruwxı qollap turǵan,
Tánde janım, Ana-Watan.

Paxta-salı dalalarım,
Oynap-ósken shańaraǵım,
Máhállemiz ornalasqan,
Tuwǵan jerim, Ana-Watan.

## ANAJAN

Anajan hám balajan,
Janday áziz, súykimli,
Ol mehirden jaralǵan,
Quwandırar hárkimdi.

Anajanım, anajan,
Sizdi jaqsı kóremen,
Kórmey qalsam sálǵana,
Sizdi izlep júremen.

Usı sózden artıqmash,
Sóz tappadım, anajan,
Janım tutas janıńa,
Anajanım, jan anam!

## MUHABBAT

Elge degen muhabbat,
Jerge degen muhabbat,
Ótken meniń qanıma,
Ótken meniń janıma.

Aq sútinen anamnıń,
Háyyiwinen apamnıń,
Íqlasınan aǵamnıń,
Duwasınan atamnıń.

## BAYRAǴÍM

Jelbirey ber, jelbire,
Jurtımızdıń bayraǵı,

Jelbirey ber, jelbirep,
Biyikley ber, joqarı.

Seni uslap qollarda,
Kámillikke jetemiz,
Bekkem uslap jollarda,
Elge xızmet etemiz.

## GIMN

Quwanıshı kewlimniń,
Táriypiseń elimniń,
Jańla, jańla, dúnyada,
Máńgi qosıq — gimnim.

Tańda gimn jańlaydı,
Bağda búlbil sayraydı,
Sózleri zawıq bağıshlap,
Júreklerge ornaydı.

Aydın júrgen jolımız,
Kóksimizde qolımız,
Qosılamız xorğa biz,
Jańla, jańla, gimnim!

## ANA JURTÍM

Duzın tatıp jerimniń,
Suwın iship elimniń,
Hawasınan dem alıp,
Kámillikke eristim.

Aq sút berip, mápelep,
Aq juwıp, aq tarağan,

Anam kibi muqaddes,
Sen — ana jurt, jan Watan!

## ANA TILIM

Dástanında baqsınıń,
Ana tilim jańlaydı,
Sózlerinde xalqımnıń,
Ana tilim jasaydı.

Babalardan miyrasım,
Ana tilim — óz tilim,
Tuwılǵannan sırlasım,
Ana tilim — óz tilim.

## SADÍQ PERZENT BOLAMAN

Tikenegi teberik,
Babamlardan qalǵan jer,
Jatqan altın besigim,
Kindik qanım tamǵan jer.

Áy, muqaddes Watanım,
Saǵan xızmet qılaman,
Parızımdı orınlap,
Sadıq perzent bolaman.

## ELIM

Dúnyada kóp tawlar bar,
Dúnyada kóp baǵlar bar,
Tawlarıńda, baǵıńda,
Sıǵasqan kóp baylıqlar.

Biraq biziń tawlarday,
Tawı Qarataw emes,
Alma, júzim baǵınıń,
Miyweleri pal emes.

Kóz ashıp kórgen jerim,
Tuwıp ósken óz elim,
Gúbelekke súysinip,
Sútlimek tergen jerim.

## MUQADDES HÁM QÁDIRDAN

Bolsa da shól, shólistan,
Bolsa da qum, shań-tozań,
Tuwılǵan jer topıraǵı,
Qımbat maǵan altınnan.

Babalarım jatırǵan,
Ruwxı qollap atırǵan,
Tuwılǵan jer topıraǵı,
Muqaddes hám qádirdan.

## TÍNÍSHLÍQTÍ QORǴAYMÍZ

Tınıshlıqtı qádirlep,
Tınıshlıqtı súyemiz,
Tınıshlıqtı qorǵawǵa,
Juwapkermiz hámmemiz.

Átirapqa bárqulla,
Itibarlı bolamız,
Ata-ana, ustazǵa,
Mudam qulaq salamız.

## NÓKISIM

Biyik jaylar qatar-qatar,
Kórgenlerdi tańlandırar,
Qushaǵına sharlap turar,
Paytaxt qalam — Nókisim.

Tamashalap muzeylerin,
Aralaymız kóshelerin,
Nárwan bolar nálsheleriń,
Paytaxt qalam — Nókisim.

Jaynap-jasnap kórkeye ber,
Kúnnen-kúnge úlkeye ber,
Tabıslarǵa erise ber,
Paytaxt qalam — Nókisim!

## ESTELIKKE BARǴANDA

Ziyaratqa barǵanda,
Ótkenlerdi yadlaymız,
«Hásiretli ana»ǵa,
Gúldásteler qoyamız.

«Hásiretli ana»jan,
Mehribansań hámmege,
Perzentlerdiń jolına,
Qarap otırsań ele.

Olar qorǵaǵan jurttı,
Kózimizge súrtemiz,
Olar qorǵaǵan jurtqa,
Jandı pidá etemiz.

## ESKE ALÍW, QÁDIRLEW

Eske alıw, qádirlew,
Insanıylıq qarızımız,
Tirilikte ádiwlew,
Bul perzentlik parızımız.

Ótmishimizdi eslep,
Yadımızda saqlaymız,
Bárqulla bolıp sergek,
Isenimdi aqlaymız.

Ótken menen babalar,
Ruwxı tiri máńgige,
Jetip júriń dep turar,
Bir-birewdiń qádirine.

## XALQÍM MENIŃ

Miynet etip, tógip ter,
Bağı-bostan dóreter,
Miynetkesh xalqım meniń,
Perzentińmen men seniń.

Nanı tatlı elimniń,
Baylığı mol jerimniń,
Miymandos xalqım meniń,
Perzentińmen men seniń.

Mártlik isten sóz ashqan,
Tariyxıń bar mıń dástan.
Baxtımızğa sen mudam,
Máńgi jasa, bol aman!!!

## HADAL MIYNET

Erinbey erte turaman,
Denemdi shınıqtıraman,
Tamırımda juwırar qan,
Hadal miynet, mańlay terden.

Shınıǵıwdan jalıqpayman,
Sawlıǵımdı ardaqlayman,
Zawıqlanar denemde jan,
Hadal miynet, mańlay terden.

Kem emespen, men heshkimnen,
Artıq emes, heshkim mennen.
Jeńislerge erisemen,
Hadal miynet, mańlay terden.

## JEŃIMPAZ BOLǴÍM KELEDI

Erinbeymen, jalıqpayman,
Juwıraman, shınıǵaman,
Bolsam deymen kúshli palwan,
Jeńimpaz bolǵım keledi.

Jetissem deymen tabısqa,
Qatnasıp júrmen jarısqa,
Íqlasım zor palwanlıqqa,
Jeńimpaz bolǵım keledi.

Arzıwlarım kóp ózimniń,
Ótirigi joq sózimniń,
Jetedi sabır, tózimim,
Jeńimpaz bolǵım keledi.

Keshikpeymen shınıǵıwdan,
Palwanlıqqa men talaban,
Alǵa qaray talpınaman,
Jeńimpaz bolǵım keledi.

## ELGE XÍZMET ETEMIZ

Nawqıran jas áwladpız,
Alǵa qádem taslaymız,
Miynetten hesh qashpaymız,
Elge xızmet etemiz.

Dúnya menen boylasıp,
Ilim menen sırlasıp,
Keleshekke jol ashıp,
Niyetlerge jetemiz.

Ne qáleseń tap-tayar,
Umtılǵanǵa áwmet yar,
Íqlas penen húr diyar,
Saǵan xızmet etemiz.

## WATANÍMDÍ QORǴAYMAN

Men mektepke baraman,
Oqıp, bilim alaman,
Úlkeygende aǵamday,
El qorǵawshı bolaman.

Haqıyqattı jaqlayman,
Isenimdi aqlayman,
Bolıp sergek, qıraǵı,
Watanımdı qorǵayman.

## SHEGARASHÍ AǴAM BAR

Jurtımızdı qorǵaydı,
Tınıshlıqtı saqlaydı,
Xalqı ushın pidayı,
Dańqlı biziń Armiya.

Armiyada xızmette,
Shegarashı aǵam bar,
Qıraǵılıq isine,
Alǵan alǵısnamalar.

Ata-anam minnetdar,
Aǵamnıń bul isine,
Shegaranı qorǵayman,
Úlkeygende ózim de.

## NANDÍ HÚRMETLEYMIZ

Babalarım ázelden,
Hadal miynet islegen,
Qádirlep nan usaǵın,
Mańlayına tiygizgen.

Nanǵa húrmet, sıy, izzet,
Ata miyras, pazıylet,
Áwladlardan áwladqa,
Kelip jetken qádiriyat.

Sonıń ushın, sonlıqtan,
Jayılǵanda dasturqan,
Dasturqanǵa birinshi,
Qoyıladı áziz nan.

## TIRISHILIK DEREGI

Tirishilik bağıshlap,
Qandıradı shólińdi,
Tábiyatqa jan berip,
Saqlaydı ol kólińdi.

Kelgeninshe taza suw,
Jumsalar kóp qárejet,
Kirgeninshe úylerge,
Islenedi kóp xızmet.

Taza suwdı sonlıqtan,
Sirá zaya qılmaymız,
Suwdı únemlep jumsap,
Tábiyattı qorǵaymız.

## SÁLEM, MEKTEP!

Sálem, áziz mektebim!
Bilim bergen dárgayım,
Mendey saǵınıp kútken!
Sálem, sizge, doslarım.

Sulıw, pazıyletli jay,
Nur hám ziya taratqan,
Qálbimizge jol tawıp,
Talantlardı oyatqan.

## BILIMLER KÚNINDE

Bilimler kúninde,
Qutlıqlap bir-birin,

Quwanıp kóriser,
Oqıwshı, muǵallim.

Qońıraw qaǵılar,
Birinshi qońıraw,
Jańlay ber, jańlay ber,
Jáne de qattılaw.

Balalıqtı aytıp,
Quwanar úlkenler,
Balalıqqa qaytıp,
Júrekler sháwkilder.

Ustazǵa shákirtler,
Usınar gúldáste,
Sorasıp, sóyleser,
Úlken hám kishkene.

Hámmeden kóbirek,
Quwanar balalar,
Jetsem dep tezirek,
Klasqa asıǵar.

## MEN MEKTEPKE BARAMAN

Erte turıp ornımnan,
Shınıǵıwlar isleymen,
Bet-qolımdı, tisimdi,
Tazalayman, juwaman.

Alıp tırnaqlarımdı,
Ósirmeymen shashımdı,
Ádet qılıp alǵanman,
Usı aytqanlarımdı.

Súlgi menen súrtinip,
Keyin awqatlanaman,
Kiyip kiyimlerimdi,
Soń mektepke baraman.

## KITAP

Sorawlarǵa dál juwap,
Tawıp beredi kitap,
Sonlıqtan ol jaqsı dos,
Kitap penen kewlim xosh.

«Kitap — bilim bulaǵı,
Bilim — aqıl shıraǵı»,
Oqıyman, úyrenemen,
Men kitaptı súyemen.

## MUQADDES DÁRGAY

Dúnyada kóp imarat,
Túrli-túrli kóp qabat,
Usılardıń ishinde,
Eń qádirdan, eń qımbat.

Mektep bolar ırası,
Ol muqaddes dárgayım,
Kásiplerdiń ullısı, —
Oqıtıwshı, muǵallim.

## MUǴALLIMGE MÍŃ RAXMET!

Eń birinshi kitabım,
«Álipbe»ge kóp raxmet,

«Álipbe»ni úyretken,
Muǵallimge mıń raxmet!

Tarap turar nur ziya,
Mektep qushaǵı jánnet,
Bergen tálim-tárbiya,
Muǵallimge mıń raxmet!

## USTAZÍM

Iyele dep ilimdi,
Qolımızdan usladıń,
Jeteklediń shıńlarǵa,
Jalıqpadıń, tınbadıń.

Sabırlılıq, shıdamda,
Danıshpanǵa usadıń,
Saǵan húrmet, saǵan dańq,
Mehribanım — ustazım.

## QOSÍQ SABAǴÍ

Bıyıl keldik mektepke,
Ótip boldıq «Álipbe»,
Bolsa qosıq sabaǵı,
Hámmemizge jaǵadı.

Mektep — bilim bulaǵı,
Oqıp miyrim qanadı,
Qızıq qosıq sabaǵı,
Hámmemizge jaǵadı.

## DUWTARÍM

Duwtarım, jan duwtarım,
Jańlap turǵan jup tarım,
Uslasam qolǵa alıp,
Kewlim yoshar quwanıp.

Shertsem gúmis tarıńdı,
Sóyleyseń sen barıńdı,
Sazdan máni ańlayman,
Búlbil bolıp sayrayman.

## ISBILERMEN BOLAMAN

Maqset qoydım aldıma,
Men háreket etemen,
Qanday qıyın bolsa da,
Niyetime jetemen.

Ańsatı joq kásiptiń,
Úlkeysem dep asıqtım,
Bolsam deymen aǵamday,
Xızmetinde xalıqtıń.

Aǵam usta, ónerment,
Túrli buyım islegen,
Jaqsı oqıp sabaqtan,
Bolaman isbilermen.

## MEN SÚWRETSHI BOLAMAN

Aǵam, apam, meniń menen,
Sanaǵanda úshewmiz,

Ájapam hám ájaǵam,
Biz hámmemiz besewmiz.

Besewmizdi sızdım men,
Qarańızlar súwretke,
Men súwretshi bolaman,
Úlkeygende álbette.

## HÁYYIW — QOSÍQ ANASÍ

Qosıqlardıń anası,
Qosıqlardıń darǵası,
Qosıqlardıń aǵlası,
Háyyiw bolar ırası.

Háyyiwinde ananıń,
Áwladlardıń mehri bar,
Háyyiwinde ananıń,
Danıshpanlıq, sıyqır bar.

Háyyiwinde ananıń,
Jaqsı-jaqsı niyet bar,
Háyyiwinde ananıń,
Arzıw, úmit, tilek bar.

## MENIŃ SHAŃARAǴÍM

Atam ózi jalǵız eken,
Apam menen bolǵan ekew,
Aǵam menen bolıp úshew,
Anam kelip bolǵan tórtew.

Men tuwılıp boldıq besew,
Egiz úkem menen jetew,
Bolıp úlken shańaraq,
Jasaymız biz dos, inaq.

Máhállede úlgili,
Shańaraqpız belgili,
Qońsı-qoba bárimiz,
Tatıwlıqta jasaymız.

## ÁKEJANÍM, ANAJANÍM

Mehir tolǵan kózlerińiz,
Shiyrin-sheker sózlerińiz,
Bizge órnek ózlerińiz,
Ákejanım, anajanım.

Perzentim dep súyinesiz,
Kórinbesek kúyinesiz,
Biriń quyash, biriń aysız,
Ákejanım, anajanım.

Súygen ulı atamızdıń,
Kelinisiz apamızdıń,
Iskerleri elimizdiń,
Ákejanım, anajanım.

## ANAMNAN ÚYRENEMEN

Tań sáhárden oyanıp,
Tınım bilmes heshqashan,
Balajanım jesin dep,
Tandır órtep, jabar nan.

Pisiredi pal qılıp,
Túrli-túrli taǵamlar,
Tatsań ishtey ashılıp,
Dámi awzıńda qalar.

Raxmet aytıp udayı,
Oǵan járdem beremen,
Aspazlıqtıń sırların,
Anamnan úyrenemen.

## MEN — KISHKENE SHEBERMEN

Tigis tigip bilemen,
Men — kishkene shebermen,
Úyretkenin anamnıń,
Uǵıp dárhal isleymen.

Sarı atlastan tańlap,
Jıltır sádepler qadap,
Kóylek tiktik ekewmiz,
Quwırshaǵıma arnap.

Quwırshaqqa kiydirdik,
Sádeplerin ildirdik,
Kóylek turdı jarasıp,
Isimizden súyindik.

## WÁLIYGE USAǴÍM KELER

«2» alıp sabaqtan,
Biypárwa keler Áliy,
«4» aldım dep bul waqta,
Qıynalıp keler Wáliy.

Áliy-Wáliy klasslas,
Otırar bir partada,
Túrleri de dım usas,
Minezleri basqasha.

Biypárwa bolǵım kelmes,
Usamayman Áliyǵe,
Jaqsı oqıp sabaqtan,
Bolǵım keler Wáliydey.

## HÚJDAN, MEHIR, MÚRIWBET

Kewilge ornasıp al,
Júrekke jayǵasıp qal,
Umıtqandı yadqa sal,
Hújdan, mehir, múriwbet.

Azayma hesh, artıp bar,
Ózińe hesh qılma zar,
Bárqulla bol mádatkar,
Hújdan, mehir, múriwbet.

## ALǴÍS BOLAR ALǴANÍŃ

Túbi birew, túri kóp,
Ádep, ádepliliktiń,
«Jaqsı», «lábbay» deseń «tek»,
Kóteriler kewiliń.

Bolsań óziń, múláyim,
Jaqsılıq qılsań dayım,
Raxmet bolar tapqanıń,
Alǵıs bolar alǵanıń.

## UYAT-IYBE

Uyalıw — jaqsı ádet,
Iybe saqlaw pazıylet,
Er baladan kóbirek,
Qızlarǵa tán qásiyet.

Uyat-iybe saqlaǵan,
Minez-qulqı unaǵan,
Qızımızdı súyemiz,
Perishtem dep bilemiz.

## ÚSH QURDAS

Aygúl, Nurgúl, Gúlayım,
Úshewi bir klasslas,
Minezleri álpayım,
Úsh jaqın dos, úsh qurdas.

Aygúl, Nurgúl, Gúlayım,
Bir kóshede jasaydı,
Máhállede olardı,
Qońsıları maqtaydı.

## RAXMET, LÁBBÁY

Apam meni shaqırsa,
Lábbáy deymen sol zamat,
Aǵam jumıs tapsırsa,
Orınlayman puqtalap.

Apam-aǵam raxmet der,
Bul isimdi alǵıslap,
Jaǵımtallı bul sózler,
Qaldı maǵan da unap.

Bul sózlerdi qollanıń,
Sizlerge de márhamat,
Kóriskenshe xosh qalıń,
Bolıńlar saw-salamat.

## ALĠÍS ALĠÍM KELDI

Ádep sálemnen baslanar,
Bilim aldım, bilip aldım,
Úlkenlerdiń násiyatın,
Qulaġıma quyıp aldım.

Sálem bersem, atam, apam,
— Saw bol balam, raxmet, dedi,
Mehir menen sálemlesip,
Taġı alġıs alġım keldi.

## JAQSÍ ÁDET

Jaqsı sóylep hárqashan,
Jaqsılıqtı ádet et,
Ísrap qılma zayalap,
Sózdi qollan qádirlep.

«Yaqshı», «maqul», «boladı»,
«Durıs», «ájep», de «qullıq»,
Tıńlap kewliń toladı,
Kórgen yańlı jaqsılıq.

Jaġımtallı minez-qulıq,
Hámmege de jaġadı,
Jaqsı ádet, jaqsılıq,
Doslıqqa jol saladı.

## MENIŃ ÚKEM

Úkem toldı bes jasqa,
Maǵan erip júredi,
Qızıǵıp ol átirapqa,
Soraw bere beredi.

Quwanıp qaldı úkem,
Kórıp gúbeleklerdi,
Uslap kórmekshi eken,
«Tez tutıp beriń» — dedi.

Joq, joq bolmaydı dedim:
— Azar shegedi janı,
Túsinip úkem dedi:
— Anası izler taǵı.

## JÁRDEM KEREK QUSLARǴA

Appaq qarlar jarqıraydı,
Qıs heshkimdi ayamaydı,
Shaqalarǵa qonıp alıp,
Quslar tońıp qaltıraydı.

Quslardı men dım ayadım,
Berdim nannıń usaqların,
Qaldırmastan terip jedi,
Quslarǵa bul boldı qayım.

Hárbir bala biliwi kerek:
Quslarǵa da járdem kerek,
Tábiyattı udayına,
Qorǵaw kerek, qorǵaw kerek.

## HÁRREGENDI AYADÍM

Túrli reńli qaǵazdan,
Túrli gúller jasadım,
Japıraǵın jasıldan,
Bezedim gúl shaqasın.

Soń aynanıń aldına,
Qoyǵan edim gúlimdi,
Sál ótpey-aq hárregen,
Aynamızǵa urıldı.

Ornın ózgerttim gúldiń,
Hárregendi ayadım,
Ózin ońlap aldı da,
Ushıp ketti hárregen.

## ÚRKITPEŃLER QUSLARDÍ

Qanday jaqsı quslardıń,
Elimizge kelgeni,
Maǵan unar olardıń,
Ushıp-qonıp júrgeni.

Bilip-bilmey úrkitpeń,
Kesek atpań, quslarǵa,
Bilmeseńiz, bilińler,
Obal bolar, olarǵa.

Hátte quslar, bizlerge,
Kelmey qoyar abaylań,
Balajanlar, heshqashan,
Qolǵa almań rogatka.

## PASÍLLAR ALMASAR

Báhár kelse baǵlarım,
Álwan gúlge búrkener,
Jazda biyik tawlarım,
Qushaǵıma keliń der.

Gúzde tolar dasturqan,
Palız, miywe, jemiske,
Qısta oynap qar boran,
Talpınamız jeńiske.

Mehriban hám qádirdan,
Bizge ana tábiyat,
Pasıllardı almaslap,
Kórsetedi káramat.

## BULT HÁM SAMAL

Bult qaplap aspandı,
Hawa aynıp buzıldı,
Haywanlardıń súwreti,
Bultlarǵa sızıldı.

Jaylawlarda ılaqlar,
Shapqılasıp oynaqlap,
Otlap júrgen qozılar,
Bir-birine mańırar.

Qorazdı urlap qashqan,
Túlki tústi duzaqqa,
Samal esip barlıǵın,
Alıp ketti uzaqqa.

## QARA ǴARǴA

Qara ǵarǵa, qara ǵarǵa,
Ketpeyseń gúzde alısqa,
Pisent etpey qardı da,
Qıslaysań biziń jaqlarda.

Qara ǵarǵa, qara ǵarǵa,
Maqpaldan shapan kiyipseń,
Tayarlıq kórip suwıqqa,
Uyańa shópti úyipseń.

Qara ǵarǵa, qara ǵarǵa,
Járdemge ózim kelemen,
Qıstıń kúni qar japqanda,
Dándi ákelip beremen.

## JAZ KELDI

Jadıraǵan jaz keldi,
Aqquw keldi, ǵaz keldi,
Súyinshilep, shadlanıp,
Jaǵımlı hawaz keldi.

Kópten kútken jaz keldi,
Jaz demalıs ákeldi.

Túrli oyın oynaymız,
Sayaxatqa baramız,
Qushaǵında baǵlardıń,
Kewilli dem alamız.

Kópten kútken jaz keldi,
Jaz demalıs ákeldi.

## PAL HÁRRELER

Paldıń iyisi ańqıp turar,
Gúllep turǵan baǵlarımda,
Pal hárreler paldı jıynar,
Baǵımızdıń qushaǵında.

Zor miynetkesh pal hárreler,
Tazalıqtı janday súyer,
Jumısında pal hárreler,
Qatal tártip saqlap biler.

Gúlge qumar pal hárreler,
Ǵu-ǵuwlasıp paldı jıynar,
Baǵmanlarǵa járdem berer,
Palı menen bizdi sıylar.

## ÓPEPEK

Ópepek, háy ópepek,
Pu-pu, pu-pu, pu-pulep,
Sirá tınım tappaysań,
Miynet etip tınbaysań.

Tereklerdiń dushpanı,
Qara qurt-qumırsqanı,
Jolatpaysań baǵıma,
Tiymeyseń daqılıma.

Kekilińdi taray ber,
Emin-erkin jasay ber,
Pasban bolıp baǵıma,
Kóbeyińler taǵı da.

## JUMBAQLAR

Eń ullı ne dúnyada,
Eń qımbat ne dúnyada,
Kindik qanıń tamǵan jer,
Bilseń qáne aytıp ber.

*(Ana-Watan)*

* * *

Watanımdı qorǵaydı,
Oǵan tanıs hár giya,
Tınıshlıqtı saqlaydı,
Alǵan tálim-tárbiya.

*(Ásker)*

* * *

Tut hám taldan soǵılǵan,
Túrli naǵıs oyılǵan,
Onda bóbekler jatar,
Analar háyyiw aytar.

*(Besik)*

* * *

Qubladan batısqa,
Arqadan shıǵısqa,
Jılısqanı jılısqan,
Íǵısqanı ıǵısqan,
Geyde keter tarqasıp,
Geyde keter tutasıp.

*(Bultlar)*

* * *

Suwda ósip ónedi,
Mol zúráát beredi,
Tayarlanar awqatlar,
Sabanı qaǵaz bolar.

*(Salı)*

* * *

Shertip ketti aynamdı,
Túrtip ketti aynamdı,
Shaqalardı terbetip,
Japıraqqa baylandı.

*(Samal)*

* * *

Kiriwge, shıǵıwǵa,
Qaǵılar waqtında,
Mekteptiń múlki ol,
Tártiptiń gilti ol,
Oylasańız sál-pál,
Tabasızlar dárhal.

*(Qońıraw)*

* * *

Haywanlardıń ishinde,
Kip-kishkene, kishkentay,
Pıshıǵıń bolsa úyde,
Izlep júrip uslaǵay,

*(Tıshqan)*

* * *

Kraxmalǵa bay túynek,
Jer astında jasaydı,
Awqat ushın dım kerek,
Qamlay jewge bolmaydı,
Iri-mayda, domalaq,
Almaǵa da usaydı,
K háripten baslasań,
A háripte toqtaydı.

*(Kartoshka)*

* * *

Dári-darmaqlarǵa bay,
Quramında qant ta bar,
Mikroblardı óltirer,
Qamlay jewge de bolar.

* * *

Appaq, sarı, túr-túsi,
Tabıladı qızǵıshı,
Iri-mayda, domalaq,
Geybirewi sop-sopaq.

* * *

Palızlarda ósedi,
Tawlarda da ósedi,
Óskenleri tawlarda,
Alınıp tur qorǵawǵa.

*(Piyaz)*

* * *

Urı urlay almaydı,
Otta lawlap janbaydı,
Qımbat bahalı nárse,
Suwda ıǵallanbaydı,
Ádep — onıń úlgisi,
Bilim — onıń belgisi.

*(Aqıl)*

* * *

Ushıp kelip qıyalap,
Áywanıma uyalap,
Tınbay azıq tasıydı,
Palapanların ayap,
Ózi — báhár elshisi,
Atın aytıp berińshi?

*(Qarlıǵash)*

* * *

Asxanada isleydi,
Arman-berman júrmeydi,
Pasıllardıń parqı joq,
Sirá tınım bilmeydi.

*(Muzlatqısh)*

* * *

Appaq-appaq gúbelek,
Qısta ushar ilbirep,

Uslayǵoysań eger de,
Joǵalıp qalar demde.

*(Qar)*

* * *

Qorshasa da jer betin,
Názerge de ilinbes,
Tirishilik deregi,
Kózimizge kórinbes.

*(Hawa)*

* * *

Geyde oraq, geyde shórek,
Kókte mudamı júzedi,
Orıp bolmas, jewge bolmas,
Kókte mudamı gezedi.

*(Ay)*

* * *

Eń zor nárse dúnyada,
Kerek nárse oǵada,
Oqıp, uǵıp bárqulla,
Saqlanadı ol puqta.

* * *

Ótmishińdi esleydi,
Búginińdi sóyleydi,
Túsindirip izbe-iz,
Keleshekti boljaydı.

*(Kitap)*

* * *

Ílaqtırsam alıslap,
Jel bersem ol isedi,
Jerge ursam sekirip,
Shapshıp, shapshıp túsedi.

*(Top)*

* * *

Jaqınlatsam shegege,
Oǵan tartıldı shege,
Iye eken ol nárse,
Tartıwǵa, iyteriwge,
Tabıńlar, ol ne nárse.

*(Magnit)*

## JAŃÍLTPASHLAR

Suwda júzer úyrekler,
Suwǵa súńgir úyrekler,
Súńgip-súńgip úyrekler,
Súyrik, shalań tawıp jer.

* * *

Ádep-ikram bul hikmet,
Ádepte kóp pazıylet,
Ádep-ikram egizek,
Ádeplini húrmet et.

* * *

Boldı jumbaq jarısı,
Jumbaq aytıp jarıstıq,
Durıs taptıq mánisin,
Eki tárep teń boldı,
Hámme jeńimpaz boldı.

* * *

Shaǵala qus, shaǵala,
Uqsamaydı ǵazlarǵa,
Uqsamasa da ǵazǵa,
Sanaladı quslarǵa.

* * *

Hákke shır-pır, shıqılıqlar,
Hákkede kóp-kóp qılıqlar,
Unap qalıp tawıq ketek,
Tuwama dep tawıq máyek,
Hákke ele ańlıp atır,
Tawıq qurıq basıp jatır.

* * *

Kórip qaldım túlkini,
Túri onıń kúlkili,
Quyrıǵın ol bir bılǵap,
Ketip qaldı zuwıldap.

* * *

Jaqtılıqtan quwılǵan,
Párleri joq, julınǵan,
Tıshqan ba, ya ol qus pa,
Qus pa ózi, ya tıshqan,
Tıshqan bolsa ol haywan,
Demek, jarǵanat haywan.

* * *

Alaqayda, alaqay
Qar jawdı, kiy malaqay,
Malaqaydı kiyiwge,
Tarqadıq tım-taraqay.

* * *

Jarısıp jarıspaqqa,
Náller ektik qıytaqqa,
Jumsattım men túplerin,
Tutıp ketti nállerim.

* * *

Ónip shıqtı kók shópler,
Búrtik bórtti terekte,
Egilmekte eginler,
Quslar ushıp kelmekte.

* * *

Bolıw ushın pidayı,
Jankúyer bol udayı,

Bolıw ushın jankúyer,
Erk kerek, ıqrar kerek,
Jankúyerlik — pazıylet,
Jankúyerdi xalıq súyer.

* * *

Adaq arba, adaq arba,
Aydadıń ba túsir yadqa,
Men aydadım adaq arba,
Aydamaǵan bala barma,
Arbada bar úsh dóńgelek,
Júrip úyrenedi bóbek.

* * *

Órmek toqıp órmekshi
Toqıp boldı órmekti.
Órmekshiniń órmegi,
Ónerinen dóredi.

* * *

Gójegimniń qoyanıma
Uqsasa da urtları,
Qoyanımnıń gójegime,
Uqsamaydı murtları.

* * *

Toǵay torańǵılǵa bay,
Torańǵılǵa bay toǵay,
Juwan, jińishke, mayda,
Torańǵıl kóp toǵayda.

* * *

Qoraz qattı, qattı shaqırdı,
Tań attı, Tań attı, Tań attı,
Sóytip ol, hámmeni oyattı,
Bul jalqawlarǵa qattı battı.

* * *

Kitap oqıp, uǵındım,
Kitapqa dos tutındım.
Kitabımdı oqıǵan,
Doslarıma usındım.

* * *

Jol qádesin bilip al,
Jol qádesin uǵıp al,
Sergek bol hár qádemde,
Qaǵıydaǵa qulaq sal.

* * *

Toptıń bári domalaq,
Tiyseń keter domalap,
Túrli-úrli toplar kóp,
Qızıl, sarı, jasıl, kók.

## MAZMUNÍ
## MEN BAQSHAĜA BARAMAN

Ózbekstanım .......... 3
Gimn .......... 3
Bayraǵım .......... 3
Súyemen .......... 4
Baqshada .......... 4
Eriktiń sızi .......... 5
Pasıllardı súyemen .......... 5
Maqtanshaq .......... 6
Baba diyqan .......... 6
Nawrız kelse .......... 6
Saǵınamız .......... 7
Tilek .......... 7
Piskende kelemiz .......... 8
Qıs keldi .......... 8
Nan usaǵı .......... 9
Xalqım .......... 9
Watan, seni jırlayman .......... 10
Baxtıyarman .......... 10
Tárbiyashı apaǵa .......... 10
Balalıq .......... 11
Ótinish .......... 11
Úkem menen ekewmiz .......... 11
Háyyiw .......... 12
Azada qız bolaman .......... 12
Gúlayımnıń alması .......... 13
Jalqaw bala .......... 13
Suwdı zaya qılmaymız .......... 13
Kirip kelgende báhár .......... 14
Quslar ushıp kelipti .......... 14
Anə tábiyat .......... 15
Qumırsqa .......... 15
Qoraz .......... 15
Shóje .......... 16
Qoyan .......... 16
Pıshıqǵım .......... 16

Qarlıǵash .................................................. 17
Iynelik .................................................. 17
Ana qoyan .................................................. 17
Bala pıshıq .................................................. 18
Sarıgúl .................................................. 18
Gúbelek .................................................. 19
Tazalıqtı súyemen .................................................. 19
Anajan .................................................. 19
Ámiwdárya .................................................. 20
Hárregen .................................................. 20
Ójet bolmayman .................................................. 20
Kempir apam .................................................. 21
Jaqsı barıń, anajan! .................................................. 21
Men quwanıp qalaman .................................................. 21
Bólenesen alǵısqa .................................................. 22
Xosh bol, bala baqshamız! .................................................. 22

## BAXÍTLÍ BALALÍQ

Ózbekstan .................................................. 23
Abat, azat, húr diyar .................................................. 23
Qutlı bolsın, bayramıńız! .................................................. 24
Ana-Watan .................................................. 24
Anajan .................................................. 25
Muhabbat .................................................. 25
Bayraǵım .................................................. 25
Gimn .................................................. 26
Ana jurtım .................................................. 26
Ana tilim .................................................. 27
Sadıq perzent bolaman .................................................. 27
Elim .................................................. 27
Muqaddes hám qádirdan .................................................. 28
Tınıshlıqtı qorǵaymız .................................................. 28
Nókisim .................................................. 29
Estelikke barǵanda .................................................. 29
Eske alıw, qádirlew .................................................. 30
Xalqım meniń .................................................. 30
Hadal miynet .................................................. 31
Jeńimpaz bolǵım keledi .................................................. 31
Elge xızmet etemiz .................................................. 32
Watanımdı qorǵayman .................................................. 32

Shegarashı ağam bar .................................... 33
Nandı húrmetleymiz .................................... 33
Tirishilik deregi .................................... 34
Sálem, mektep! .................................... 34
Bilimler kúninde .................................... 34
Men mektepke baraman .................................... 35
Kitap .................................... 36
Muqaddes dárgay .................................... 36
Muğallimge mıń raxmet! .................................... 36
Ustazım .................................... 37
Qosıq sabağı .................................... 37
Duwtarım .................................... 38
Isbilermen bolaman .................................... 38
Men súwretshi bolaman .................................... 38
Háyyiw — qosıq anası .................................... 39
Meniń shańarağım .................................... 39
Ákejanım, anajanım .................................... 40
Anamnan úyrenemen .................................... 40
Men — kishkene shebermen .................................... 41
Wáliyge usağım keler .................................... 41
Hújdan, mehir, múriwbet .................................... 42
Alğıs bolar alğanıń .................................... 42
Uyat-iybe .................................... 43
Úsh qurdas .................................... 43
Raxmet, lábbáy .................................... 43
Alğıs alğım keldi .................................... 44
Jaqsı ádet .................................... 44
Meniń úkem .................................... 45
Járdem kerek quslarğa .................................... 45
Hárregendi ayadım .................................... 46
Úrkitpeńler quslardı .................................... 46
Pasıllar almasar .................................... 47
Bult hám samal .................................... 47
Qara ğarğa .................................... 48
Jaz keldi .................................... 48
Pal hárreler .................................... 49
Ópepek .................................... 49
Jumbaqlar .................................... 50
Jańıltpashlar .................................... 55

Shiyrin ATAMURATOVA

# BAXÍTLÍ BALALÍQ

*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2018*

*Redaktor* *Bazargúl Zivarova*
*Operator* *Nasiba Qudaybergenova*

ISBN 978-9943-5327-2-4
9 789943 532724

«QARAQALPAQSTAN»